



Pou Piblikasyon Imedya: 16/08/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE OUVÈTI OFISYÈL SANT SANSIBILIZASYON POU
PWOJÈ VYADIK I-81 AN NAN SYRACUSE**

***Kote sid ak anba lavil yo ofri opòtinite ki fasil pou angaje ak manm ekip pwojè a
epi wè materyèl konsepsyon yo***

***Enfòmasyon yo disponib pou moun k ap chèche travay pou travay nan pwojè ki
pote transfòmasyon sa***

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a ouvèti de sant sansibilizasyon kominotè pou bay enfòmasyon epi resevwa kòmantè sou Pwojè Vyadik Interstate 81 an k ap pote transfòmasyon nan Vil Syracuse. Nan kad efò kontini Depatman Transpò Eta New York (New York State Department of Transportation, NYSDOT) pou travay men nan lamen ak pati ki konsènen nan kominote yo, de sant yo sitiye nan fason ki apwopriye nan zòn andedan vil la k ap afekte anpil pa pwojè a epi k ap ofri piblik la opòtinite pou rankontre epi pale ak manm ekip pwojè yo, epitou gade rezilta ak lòt materyèl konsepsyon ki gen rapò ak pwojè a. Ap gen enfòmasyon ki disponib tou pou moun k ap chèche travay nan pwojè istorik sa.

“Jodi a make yon etap enpòtan pou Pwojè Vyadik Interstate 81 an pandan n ap pote efò angajman kominote nou an nan kè Vil Syracuse,” **Gouvènè Hochul te deklare.** “Sant sansibilizasyon sa yo ba nou opòtinite pa sèlman pou rankontre ak piblik la fasafas men tou pou bay enfòmasyon pou moun k ap chèche travay nan pwojè enfrastrikti istorik sa. Nou fyè pou fè patenarya ak kominote a nan efò sa, epi mwen ankouraje rezidan yo vizite nou nan sant sansibilizasyon nou yo nan pwòp katye yo pou asire ke nou ka enkli kòmantè sila yo ki konnen kominote yo pi byen.”

Sant sansibilizasyon yo sitiye nan kote sa yo epi y ap genyen orè sa yo, apati demen:

- **Tucker Missionary Baptist Church**, 515 Oakwood Avenue, Syracuse. Ouvè madi ak jedi soti 2 p.m. jiska 6 p.m.
- **The Hills Building** (first floor), 217 Montgomery Street, Syracuse. Ouvè lendi, mèkredi, ak vandredi soti 10 a.m. jiska 4 p.m.

Nou ankouraje piblik la pou vizite toulede biwo yo pou jwenn enfòmasyon sou pwojè a, poze kesyon, epi patisipe nan efò kontini pou kolekte opinyon kominote a. Moun k ap chèche travay nan Pwojè Vyadik I-81 an ka vizite nouvo sant sansibilizasyon sa yo pou konekte ak gwoup travay ki te antre nan alyans ak NYSDOT pou pwojè sa ki genyen ladan yo Pathways to Apprenticeship, WorkSmartNY Syracuse Build, CNY Works, ak Workforce Forward Depatman Travay Eta New York: Syracuse, ap rekrute epi fòme sila ki entereze yo.

Efò lokal ki dirije pa patnè kominotè Urban Jobs Task Force, nan patenarya ak Administrasyon Otowout Federal la (Federal Highway Administration), Vil Syracuse ak NYSDOT, te ede sekirize youn nan premye dispozisyon pou anbochaj lokal yo te apwouve dapre Lwa Bipatit sou Enfrastrikti a pou ankouraje rekritman rezidan lokal ki soti nan kòd postal nan kominote defavorize yo ak yon salè ki anvigè.

Komisè Depatman Transpò Eta New York la, Marie Therese Dominguez, te deklare, "Nou te angaje depi premye jou Pwojè Vyadik Interstate 81 an ke nou t ap koute kominote a epi travay avèk yo pou asire ke lansman istorik sa fèt kòrèkteman epi rann tout moun fyè. De sant sansibilizasyon sa yo se yon pati entegral de angajman sa epi y ap pèmèt manm ekip nou yo prezan nan kèk katye k ap obsève pi gwo enpak de pwojè sa, pou asire ke yo kontinye tande vwa moun yo."

Lidè Majorite Sena a, Charles Schumer, te deklare, "Transfòmasyon I-81 an lanse, gras ak investisman istorik ki soti nan Lwa sou Envestisman nan Enfrastrikti ak Travay (Infrastructure Investment & Jobs Act, IJJA) Bipatit ak Lwa sou Rediksyon Enflasyon (Inflation Reduction Act) nou yo. Enfrastrikti nou an dwe konekte, pa divize kominote nou yo, men depi twò lontan, plizyè katye nan anba lavil Syracuse te divize pa vyadik 1950 lan ki te konstui nan mitan sant vil la. Lè a deja pase pou nou simonte baryè sa a epi rekonekte kominote nou yo, amelyore aksè nan akademi, swen sante, biznis ak plis toujou pou tout moun, pou Vil Syracuse ak rezidan li yo ka atenn potansyèl konplè yo. Mwen bat bravo pou Gouvènè Hochul ak NYSDOT, dèske yo angaje kominote a pou kòmanse repare domaj ki te fèt nan katye sid la, ki te izole de gran Syracuse la depi lè vyadik I-81 an te konstui a".

Senatè Eta a, John W. Mannion, te deklare, "Redevlopman I-81 an se yon opòtinite ki prezante yon sèl fwa nan yon jenerasyon epi de nouvo sant kominotè yo afime ke pwojè sa ap avanse ak ouvèti, transparans, ak yon angajman mendèv lokal la. Mwen ankouraje chak moun nan kominote Syracuse la pou rete enplike epi vizite sant yo pou pi byen konprann nivo pwojè a, pwofite de opòtinite travay, epi angaje ak ofisyèl piblik yo. Mwen aplodi Gouvènè Hochul ak DOT pou lidèchip yo nan lansman istorik sa."

Senatè Eta a, Rachel May, te deklare, "Aprè tèlman anpil ane etid ak deba, pwosesis pou ranplase I-81 an ak yon rezo kominotè ap pran pye. Pwogrè sa kontinye ak gran ouvèti jodi a. Sant enfòmasyon sa yo ap enpòtan pandan pwosesis konstriksyon an kòm yon plas pou rezidan yo fè tande enkyetid yo, poze kesyon epi aprann sou opòtinite travay yo. Mwen kontan pou konnen ke eta a ap yon patnè regilye epi angaje

pandan pwojè enfracstrikti ki rive yon sèl fwa nan yon jenerasyon sa. Mèsi a Gouvènè Hochul pou lidèchip li pandan moman emouvan sa."

Manm Asanble William Magnarelli te deklare, "Lè yo etabli Sant Sansibilizasyon Kominotè pou ede bay kominikasyon ak enfòmasyon sou pwojè Interstate 81, sa se yon mwayen ki efikas pou eta a enplike rezidan Syracuse yo nan pwosesis kontini sa. Pwojè sa ap afekte rejyon nou an nan fason enpòtan. Sant Sansibilizasyon Kominotè sa yo ap ofri enfòmasyon sou konsepsyon, manm ekip pwojè yo ak djòb potansyèl yo."

Manm Asanble Pamela Hunter te deklare, "Konstriksyon Vyadik I-81 an nan yon rezo kominotè se yon rezilta dirèk angajman ak kontribisyon kominote a. Pou kontinye fasilite kontribisyon sa, sa sèlman mande bon sans pou genyen kote ki deziyen pou sant sansibilizasyon kominotè yo. Nan kad kòmansman pwojè sa, mwen pa ka tann pou plis kolaborasyon ak Gouvènè Hochul pou asire ke konstriksyon ak rezilta final yo genyen kontribisyon kominote a nan chak etap sou wout la."

Manm Asanble Al Stirpe te deklare, "Lè genyen sant sansibilizasyon santral pou rezidan yo kontakte pou detay nan pwojè Rezo Kominotè ki fèt yon sèl fwa nan dire yon vi sa, se yon nouvèl ki lis pase byenvini. Sa vle di, moun k ap chèche travay, rezidan, biznis, etidyan, ak touris yo menm jan ap kapab rete ajou sou dènye opòtinite travay, faz rekonstriksyon vyadik yo, modèl sikilasyon ak opsyon pou detounen nan pakou yo, pou ede yo rive kote yo bezwen ale nan fason ki pi an sekirite epi ki pi rapid. Mèsi a Gouvènè Hochul ak Depatman Transpò a dèske yo kreye yon chèn angajman kominotè ki pwoaktif nan zòn ki pi afekte yo. Ansanm, n ap fè travay ki nesèsè pou korije sa ki mal nan lepase epi fè New York Santral vanse pou pi devan."

Pastè Decarto Draper nan Tucker Missionary Baptist Church te deklare, "Nou apresye patenarya nou ak Depatman Transpò Eta New York k ap bay lespwa, gerizon ak èd pou kominote a ke anpil moun santi ki detui, deprave, domaje, epi ki pa fonksyone byen. Relasyon sa montre ke Eta New York ak lidè li yo angaje pou amelyore lavi ak eritaj tout sitwayen nan kominote yo! Ala yon benediksyon pou travay ak bèl gwoup lidè sa."

Pwojè inovan Vyadik I-81 an fè pati angajman san parèy Gouvènè Hochul pou modènize enfracstrikti Eta New York epi envesti nan pwojè ki fè pwomosyon ekite, konektivite ak opòtinite transpò milti-modal pou kominote toupatou nan eta a, nan patenarya ak gouvènman federal la. Plan Kapital Eta 32.8 milya dola ki te adopte an 2022 a ede reyalize vizyon Gouvènè a pou yon sistèm transpò modèn ki sèvi Nouyòkè atravè eta a, epi pwojè Vyadik I-81 an ap finanse avèk yon melanj resous federal ak eta. Depi kòmansman tan li nan biwo a, Gouvènè Hochul te fè rekoneksyon kominote yo atravè enfracstrikti tounen yon mak karakteristik nan Administrasyon li a, avèk plis pase 3 milya dola ki atribiye nan plan kapital Depatman Transpò a pou transfòme zòn sa yo nan East Buffalo, Rochester, Syracuse, Albany ak South Bronx.

Atravè konstriksyon Rezo Kominotè a, pwojè a gen pou objektif ranvèsè desizyon mal reflechi yo te pran nan ane 1950 yo pou konstui vyadik la nan kè vil Syracuse. Rezo

Kominotè a pral rekonekte katye yo, amelyore mobilite ak ranfòse aksè nan ak ki soti nan rezo otowout ki relye eta yo pou rive nan destinasyon kle yo, ki gen ladan distri biznis ki nan anba lavil yo, lopital yo ki nan zòn nan ak Inivèsite Syracuse la. Li pral bay nan tout zòn pwojè a tou amenajman pou pyeton ak pou bisiklèt, ki san danje epi ki aksesib konfòmman ak ADA.

Gwo konstriksyon ap fèt kounye a sou premye nan plizyè kontra ki te planifye pou pwojè a. Travay sou Kontra 1 an gen ladan rekonstriksyon echanjè nò Interstate 481/I-81 ki egziste pou I-81 ak Sikwi Komèsyal 81 ki renonmen, pandan l ap konvèti pòsyon I-481 nan nouvo I-81 epi fè plizyè amelyorasyon nan wout ak pon sou koridò a.

Kontra 2, yo te akòde mwa pase a, ap kòmanse konvèsyon echanjè sid I-481/I-81 an. Ansanm de kontra sa yo esansyèl pou kenbe yon koneksyon ant eta yo a gwo vitès ak wout komès nasyonal ak entènasyonal nò-sid soti nan Tennessee rive nan fwontyè Kanadyen an.

Ou ka jwenn enfòmasyon sou pwojè a sou sitwèb pwojè a nan [181.dot.ny.gov](https://www.181.dot.ny.gov).

###

Lèt nou vèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)